

RINGKESAN

Widi Siti Alivah. (2022). Pangaruh Pamakéan Média Youtube Kana Minat Diajar Siswa Dina Mangsa Pandémik Di Sakola Dasar Kacamatan Cibeunying Kaler

Kasang tukang dina ieu panalungtikan skripsi nya éta rendahna minat diajar siswa SD di Kacamatan Cibeunying Kaler disababkeun ku panémbong Covid-19. Ku kituna, pikeun ngaronjatkeun minat diajar siswa ngaliwatan média pangajaran saperti Youtube, panalungtik milih judul “Pangaruh Pamakéan Média Youtube kana Minat Diajar Mangsa Pandémik di SD di Kacamatan Cibeunying Kaler”. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun 1) nangtukeun minat diajar saméméh mangsa pandemik 2) nangtukeun implemémentasi ngagunakeun média Youtube 3) nangtukeun minat diajar siswa sabada ngagunakeun média Youtube 4) nangtukeun pangaruh ngagunakeun média Youtube kana minat diajar siswa dina mangsa pandemik. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif kuantitatif kalawan pendekatan survéy, téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun angkét, wawancara jeung observasi. Sampel dina ieu panalungtikan nya éta 43 guru jeung 117 kolot siswa. Téhnik analisis data dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji régrési liniér basajan. Dumasar kana hasil panalungtikan anu dilaksanakeun di genep SD Negeri jeung Swasta di Kacamatan Cibeunying Kaler Kota Bandung. Hasilna nuduhkeun yén aya pangaruh anu signifikan tina pamakéan média Youtube kana minat diajar siswa, hal ieu bisa dibuktikeun ku t itung = 15,921 meunang nilai signifikansi $0,000 < 0,05$, hasilna ieu hartina Ho ditolak jeung Ha ditarima. sangkan ngagunakeun média Youtube (X) miboga pangaruh anu signifikan pikeun minat diajar siswa dina mangsa pandémik (Y).

Kecap Pamageuh : Média Youtube, Minat diajar